Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 25 (6425) 20 апрель 2015 с. Итни Ражаб 1436 с. Багьа 5 гъур.

ПОЛИТИКА

## ГIадамал тIаде къабул гьаруна

«Единая Россия» ТIолгороссиялъул политическияб партиялъул бакIалъулаб Гумбет отделениялъул секретарь МухIамадгIали МухIамадгIалиевас бакIалъулаб отделениялъул жамгIияб приемниялда гIадамал тIаде къабул гьаруна. Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул централъул нухмалъулев Набигула АхIмадибиров ва маданиялъул хIалтIухъан Пари ГIимранова гIадамал тIаде къабул гьарулеб бакIалде рачIун рукIана «ДРялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан» абураб цIар щвеялъе Дагъистан Республикаялъул культураялъул министерствалде материал 2014 соналъул байбихьудаго битIун букIанилан ва гьеб иш цебехун унеб гьечIилан. 35 соналдаса цIикIкIун заманалъ хIалтIун руго гьел маданиял учреждениязда.

Гьезул суал гIумруялде бахъинабизелъун МухIамадгIали МухIамадгIалиевас телефоналдасан хехаб бухьен ккуна Дагъистан Республикаялъул бетIерасул администрациялъул управлениялъул ва хIукуматалъул пачалихъияб хъулухъалъул, кадрабазул ва пачалихъиял шапакъатазул суалазул рахъалъ хIалтIухъабазулгун. Муниципалитеталъул администрациялъул аппараталъул нухмалъулесда тIадкъана мухIканаб хIалалъ хIадурун материал ДРялъул культураялъул министерствоялде битIеян.

* * *

«Единая Россия» ВППялъул бакIалъулаб отделениялъул жамгIияб приемниялда гIадамал тIаде къабул гьаруна «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIмановас.** Гьенире рачIана лъабгоял. МелъелтIаса пенсионерка **Чакар Ордашовалъ** гьарулеб букIана жиндие басрияб минаялда ремонт гьабизегIан заманалъ жаний чIезе бакIалъе кумек гьабеян. ХIайбула ГIабдурахIмановас гражданскияб оборонаялъул ва гIадатияб гуреб ахIвал-хIалалъул суалазул рахъалъ администрациялъул ишазул управлениялъул бетIерав специалист **ГIабдурахIман Дайтмирзаевасда** тIадкъана «“Сельсовет Мехельтинский”» росдал поселениялъул бетIерасгун цадахъ пенсионеркаялъе заманаялъе рукъ балагьеян.

МелъелтIаса **Мурад Расулов** вачIана кьищни-къул базе жидер авалалда контейнер лъеян. Районалъул администрациялъул бетIерасул заместителас росдал бегавуласухъе хъван битIана гьеб авалалда контейнер лъеялъул суал къокъаб заманалда рагIалде бахъинабеян.

ЖамгIияб приемниялде ячIарай **ПатIимат Зугьайровалдаги** бичIчIинабуна Дагъмедакадемиялде цIализе ритIизе кандидатал тIаса рищиялъе конкурс тIобитIиялъул къагIида.

**«Единая Россия» ВПП**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## МугIрузда кIоченаро...

### КIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тIубаялде хIадурлъи

**ЧIиркъатIаросулъбукIана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи ГIабдукарим ГIусмановасулги ва Къурбан Къурбановасулгун школлъималазул дандчIвай. Лъимал кIваркьун гIенеккана рагъул соназул лъималазул кьогIаб къисматалъул, немцазул чияр ракьал рахъулезде данде гьабураб бахIарчияб къеркьеялъул, солдатазул ва офицеразул бихьинчилъиялъул ва бахIарчилъиялъул, рухIалда барахщичIого гIагараб ракь фашистаздаса эркен гьабизелъун гьел рагъараб куцалъул хIакъалъулъ ГIабдукаримица ва Къурбаница бицунелъухъ.**

Школлъималаз халгьабуна рагъул шапакъатазул, рагъул гIахьалчагIазе кьуна гIемерал суалал. Ветераназ гъираялда жавабал кьуна суалазе. Лъималаз гьеб дандчIвай гIуцIаразе, ветераназе баркала



загьир гьабулеб ва гьара-рахьи гьабулеб букIана. Культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул, туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурмухIамад МухIамадовас жиндирго кIалъаялда бихьизабуна рагъул гIахьалчагIи, тылалъул захIматчагIи дагьлъулел ругилан.

ГIолеб гIелалъе ветераназулгун щибаб дандчIвай нилъер ВатIаналъул тарихалъул дарслъун кколилан. Бергьенлъиялъухъ ветераназе кIудияб баркала бугилан. Гьебго къоялъ рагъул ветераназул минабазда сверухъ бакI бацIцIад гьабуна. Районалъул администрациялъул культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул, туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурмухIамад МухIамадовасул хIаракаталдалъун «Бергьенлъиялъул сирень» акцияги тIобитIана. Рагъул ветераназул хIурматалда бараб памятникалда аскIор чIана сиреналъул хъарахъал.

Акциялда гIахьаллъи гьабуна ЧIиркъатIа росдал гIадамаз ва школлъималаз. НурмухIамадица акциялъул гIахьалчагIазда бичIчIинабуна, 1945 соналъ Совет Союзалъ солдатазда сиреналъул тIугьдулгун дандчIвай гьабунин. Биччанте Бергьенлъиялъул къоязги нилъеда ва памятниказда сверухъ гIемер сиренал рукIине», - ян бихьизабуна гьес.

**РИО «Гумбет»**


НОМЕРАЛДА РУГО:



МелъелтIаса рагъул гIахьалчагIи

-2 гьум.



ХанмухIамад Аххубеговасул цIар кьураб хIисаб гIелмуялъул тIоцебесеб олимпиада

-3 гьум.



Игьали ясли-ахалда семинар

-3 гьум.



ГьутIби чIезе руго ункъго гектаралда

-4 гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ
КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ 70 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# Килдерил къисмат

**ВатIанияб рагъул тарихалъул рахъалъ гIезегIанго бечедаб ирс буго Килалъ росдалги. ГЬанже ругел кIудиял чагIаз абула килдерил гIолохъаби рихьизе кьуралгIадал васал рукIанилан. Амма бихьулищха хъван букIун бугеб къадар, гьезухъ балагьун чIун букIун бугеб къисмат. Гьезул цоял хутIана ВатIаналъул абадиял солдаталлъун, цогидал тIад руссана гъуждул, бохдул гьечIого, лъукъарал ракIалгун, унтулел ругъналгун.**

Рагъдаса тIад руссинчIел хутIана байдабазда Германиялда, Сталинградалда Москвалда гIагарлъухъ, рикIкIадаб Венгриялда, Белоруссазул росабазда, Киевалъул чIунтелахъ. Рагъана гьел бахIарзалгIадин. 46 ясул ичIгоясе гурони хобцин щвечIо. Гьев ичIгоясулги, цоясе - **ХIажи ГIабдулаевасе** Тулаялда гIаммаб хоб щвана. Руссана рагъдаса росулъе: Сталинградалъул рагъулъ вукIарав пулеметчик **МухIамад ГIабасов,** маршал Буденниясул армиялда хъулухъ гьабурав чотIахъан **Анварбег БатIалов** (гьев вуссана цояб гъежги гьечIого), разведотрядалъул командир **Асламхан Халилов** (гьев вуссана кIиябго бох гьечIого) 239 аб. кьвагьдохъабазул дивизиялъул бахIарчи **ТIагьир Салгереев,** кIиабилеб группаялъул рагъул инвалид **ТIагьа СалихIов** тушманасул гуллаялъ жиндир бох лъукъарав, **Тимирхан Гьайирбегов** – кIиабилеб группаялъул инвалид. Рагъдаса тIад руссана гьединго **Мурадис Ордашов** «ВатIанияб рагъул» кIиабилеб даражаялъул орденгун **ХIамид МухIамадов** «БагIараб цIва» орденгун, **Зайирбег ГIумаров** Сталинил кIиго I - II даражаялъул медальгун, **Маккашарип Кабуев,** «Кавказ цIуниялъе гIоло» медалалгун, **МухIамад НурмухIамадов** «ВатIанияб рагъул» кIиабилеб даражаялъул ва «БагIараб цIва» орденалгун **Расул Мурадов** «ВатIанияб рагъул» орденгун, «Бихьинчилъиялъе гIоло» медальгун. Гьединго орденал медалалгун тIад руссана **ХIажимухIамад ХIажиев, ХIасан ХIусенов, КъурамухIамад ХIасанхIусенов, АхIмад МухIамадгIалиев, ХIамид ГьитIинов, ГIумар Къуралаев, Абуязид МухIамадов, ГIабдулхIалин Манапов, ГIабдулхIаким Сиражов, ХIабиб Хангереев, ХIажи Цевехъанов, Жабир Черbegесов, МухIамад АбулхIасанов,** генерал Власовасул хиянаталдалъун немцазул асирлъуде кканиги къуркьичIел рагъухъаби **Садикъ МухIамадов, Сайгит ГIумаров.** Советияб хIукумат бугеб мехалъ цIакъ кIудияб адаб-хIурмат гьабулаан гьезул, кин бугониги жакъа къоялде росулъ хутIичIо цониги рагъул гIахьалчи.

Рагъдаса хадур гьал киналго хIалтIана колхозалда, цебетIезабуна росдал магIишат. Мех-мехалъ гьезулгун дандчIваял школалда рукIунаан. Гьезги гьираялда рицунаан рагъда ккарал лъугьа-бахъинал. Росдал магIишат цебетIезабиялъулъ лъураб бутIаялъе гIоло гьезие киназего щвана ЗахIматалъул ветеранасул цIарал ва пачалихъалъул орденал ва медалал. Гьезул щивасул гIумруги букIана гвангъараб, роцIараб гьанжесеб гIелалъе мисал босизе мустахIикъаб.

Щибаб хирияб къоялъ росдал жамагIаталъ, гIисиназ, чIахIияз зиярат гьабула тIоцебе гьезде, росдал рагIалда бараб рагъдаса руссинчIезул хIурматалда бараб памятникалда аскIоре, гьезие дугIаги гьабун гурони унаро хабалалъе зияраталъ.

ГЬале ана 70 сон долдаса нахъе, росуцоязул ракIазулъ щибго мукъсанлъи кквечIо гьезул сипатазе, сонал анагIан гвангъулел руго гьел гIунбачIунеб гIелалъе, биччанте ине 1000 сонги гьезул цIва свинаро – цIар кIочIенаро.

**Исрапил Заирбегов**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО. КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ – 70 СОН

# МелъелтIаса рагъул гIахьалчагIи

## Сахратулагь МухIамадов

**Сахратулагь МухIамадов Гьоркь Инхо росулъ 7 классги лъугIизабун ана Буйнакскиялъул педучилищеялде цIализе. Гьебги лъугIизабун, гIагараб МелъелтIа росулъе тIад вуссана. Гьебго соналъ тIамуна хIалтIизе МелъелтIа школалда учительлъун. Гьелдаса гIемер заман инчIого, уна гIолилав ВатIан цIунизе. Гьеб къокъаялда вукIана 24 гIолилав. Райвоенкоматалъ гьел ритIула Буйнакскиялде. Къайи баччулеб поездалдаги рекIинарун ритIула Украиналъул Полтава областалъул ракьалде. Русские Очи росулъ дида лъана рагъ щибжояли гьелъул кьогIлъи, - ян абулаан Сахратулагьица. Гьеб заманалда ниж рукIана туманкI ккезе лъаларел солдатал, ниж окопал рухьизе тIамуна.**

Цо къокъаялъул командирлъун Сахратулагь тIамула. Гьединан байбихьун гIолохъанав рагъухъанасул рагъулаб нух. Гьедин гочардилаго, нахъе къалаго, окопал рухъулаго МухIамадовасул рагъулаб къокъа щола Сталинградалде аскIоре. ЛъугIана Сталинградалда рагъ, гIарзаги къун Сахратулагь уна цIализе Свердлов шагьаралъул минометазулаб рагъулаб училищеялде. Гьениб училищеги лъугIизабун лейтенантасул цIар щварав бакъ-



лъулав С. МухIамадов ккола анлъабилеб армиялде гьорлъе. Рагъула гьеб армиягун цадахъ Бреслава шагьар фашистаздаса эркен гьабиялъе гIоло. Рагъазулъ бихьизабураб къо хIехьей, бахIарчилъиялъухъ, пачалихъалъ Сахратулагь кIодо гьавуна чанго орден-медалаздалъун. КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIун хадувги, чанго моцIалъ гьабуна гьес рагъулаб хъулухъ. Советияб Армиялда. Гьев рокъове тIад вуссана 1946 соналъ.

24 сон барав офицер тIамула хIалтIизе МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул директорлъун. Гьес нухмалъи гьабулеб школа рикIкIунаан районалдаго бищун лъикIаблъун. Гьев мустахIикълъана Дагъистаналъул мустахIикъав учитель абураб цIаралъе. МухIамадов Сахратулагь хIалтIулев вукIана ДагъпединститутIалда преподавательлъун, вахъана гIелмабазул кандидатлъун, доцентлъун.

## ХIажи Саласкаров

**МелъелтIа росулъа ХIажи Саласкаров ана 1940 соналъул январь моцIалда Армиялда хъулухъ гьабизе. Гьес хъулухъ гьабулеб букIана БакътIерхьул Украиналъул Дубно шагьаралда 4 аб. артиллериялъул корпусалда. Гьениб гьесие щвана артиллерист – наводчикасул махщел. Тохлъукьего тIаде кIанцIана тушман.**

ХIажица гIахьаллъи гьабуна цIакъго захIматал рагъал унел ругеб Одесса ва Киев шагьарал эркен гьариялъулъ. Бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло ХIажие къуна «Багьадурлъиялъе гIоло» медаль. Ростов шагьаралда аскIор унел рукIана цIа боркьарал рагъал. Гьенив Саласкаров лъукъула. Дагъаб мех госпиталалдаги бан тIад вуссана рагъде. ГIахьаллъула Минск эркен гьабиялъулъ. Гьениб бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ ХIажие кьола «Багьадурлъиялъе гIоло» медаль, ва бетIерав главнокомандующий Сталинил рахъалдасан баркалаялъул



кагъат. Хадув Запорожье шагьар эркен гьабулаго лъукъула ва кола госпиталалде. Гьениса виччан хадуб гIахьаллъи гьабула Румыния, Венгрия, Польша, Чехословакия эркен гьабиялъулъ. 1945 соналъул 23 апрелалда Чехословакиялъул шагьар Братислава эркен гьабулаго ХIажи захIматго лъукъула. Гьенив сахги гьавун рагъул инвалидги лъугьун тIад вуссана. Саласкаров хIалтIана ЧIиркъатIа, Аргъвани школазул военруклъун, культураялъул отделалда, кинофикациялда, КПССалъул райкомалъул инструкторлъун. ХIажи витIана бищун районалда нахъе ккараблъун букIараб ЧIиркъатIа Дахадаевасул цIаралда бугеб колхозалъул председательлъун, кIиго сонил болжалалда колхоз бачана цебесеб кьерде. ХIалтIана УСХялъул бетIерав бухгалтерлъун. Гьев вукIана гIолилазул насихIатчи, гIемер щолаан школалде гIолилазе ва лъималазе гара-чIвари гьабизе ва гIакълаби кьезе.

**ГIазра Халидова,**
**МелъелтIа росдал маданияб централъул нухмалъулей**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ...

# Бергьенлъиялъ 70 сон тIубаялъул хIурматалда рохалилаб линейка

**8 апрелалда МелъелтIа аслияб школалъул, стендаздалъун, лозунгаздалъун, плакатаздалъун, суратаздалъун, берцинго къачIараб байданалда рагьана гитлериалаб Германиялда тIад бергьенлъи босараб къоялдаса 70 сон тIубаялъул хIурматалда рохалилаб линейка. Гьеб байбихьана школалъул киналго классазул цIалдохъабаз цадахъ «Солнечный круг» кечI ахIулаго. Линейка рагьана ва бачана школалъул кIудияй вожатая ПатIимат МухIамадовалъ.**

ГIурус мацIалъул ва литератураялъул учительница **Кайпазат Мирзоевалъ** цIалдохъабазе





бицана рагъул кьогIлъиялъул, гьениб рагъухъабаз бихьизабураб бахIарчилъиялъул, къохIехьеялъул, руччабаз рагъул сонazда хIехьараб захIматалъул.

- 1418 макьу гьечIеб сордо-къоялъ букIана рагъ, - ян бицана гьелъ. Гьениб гIумру кьуна 20 миллион чияс. Щибаб минуталъ 13 чи хун вуго рагъда. Рагъул сонazда фашистаз щущахъ биххизабуна нилъер улкаялъул 1710 шагьар ва 70 азаргоялде гIагарун росу.

Школалъул активистаз, 5-8 классазул цIалдохъабаз рикIкIана рагъул хIакъалъулъ кучIдул, хIана сценкаби. Линейка къана киназго цадахъ «Бергьенлъиялъул къо» абураб кечI ахIиялдалъун.

* * *

Гьебго къоялъ школалъул киналго классазда кьуна «Нижер фашистазда тIад бергьенлъи босаразул лъималазул лъимал» абураб темаялда бихьинчилъиялъул дарсал. Гьел ана тIадегIанаб даражаялда.

**ГIайшат Исламбиева**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# ХанмухӀамад Ахкубеговасул цӀар кьураб хӀисаб гӀелмуялъул тӀоцебесеб олимпиада

**Килалъ гьоркьохъеб школалда букӀана 5-8 классазул цӀалдохъабазда гьоркьоб ХанмухӀамад Ахкубеговасул цӀаралда бугеб хӀисаб гӀелмуялъул районалъул тӀоцебесеб олимпиада. Гьениб гӀахьаллъи гьабуна Гумбет районалъул 14 школалъул, ЦӀияб Лак районалъул ЦӀияб Чуртахъ № 2 гьоркьохъеб школалъул, ЦӀумада районалъул КӀванада росдал гьоркьохъеб школалъул 52 цӀалдохъанас.**

Дагъистаналъул, Россиялъул Федерациялъул мустахӀикъав учитель Ахкубегов ХанмухӀамад Ахкубегович гьавуна Гумбет районалъул Ингишо росулъ. Гьес кӀудияб бутӀа лъуна районалда ва республикаялда лъайкьей цебетӀезабиялъулъ. ХӀалтӀана МелъелтӀа, Аргъвани, Ингишо гьоркьохъел школазул, Болъихъ районалъул АнсалтӀа гьоркьохъеб школалъул директорлъун.

Олимпиада тӀобитӀана лъайкьеялъул отделалъ ва Килалъ гьоркьохъеб школалъ. Рохалилаб ахӀвал-хӀалалда рагьаккевеялде кӀудияб кӀвар кьолеб бугилан. Баркана олимпиадана Х. Ахкубеговасул цӀаралда бугеб хӀисаб-гӀелмуялъул районалъулаб олимпиада. Гумбет районалъул администрациялъул бетӀерасул заместитель **АхӀмад Каримовас** жиндирго кӀалъаялда бихьизабуна, районалъул нухмалъулез лъайкьей цебетӀезабиялде, пагьму-гьунар бугел лъималазул рахъялъул гӀахьалчагӀазда, педагогазда, гьалбадерида гьеб кӀвар бугеб тадбир.



Олимпиада рагьиялда гӀахьаллъана пагьму-гьунар бугел лъималазул МелъелтӀа интернаталъул директор **Лабазан ХӀажиев**. Гьесги олимпиадаялъул гӀахьалчагӀазда баркиялъулаб кӀалъай гьабуна ва гьоркьор лъуна цӀияб цӀалул соналда районалъ пагьму-гьунар бугел лъималазул интернаталда гьаризе хӀисабалде росарал хӀалтӀул планал.

Олимпиада рагьиялда гӀахьаллъана ХанмухӀамад Ахкубеговасул гӀагарлъи. **Асадула ХӀабибовас** олимпиадаялъул гӀахьалчагӀазе бицана Х. Ахкубеговасул биография. Баркала загьир гьабуна ХанмухӀамад Ахкубеговасул хӀурматалда олимпиада тӀобитӀаразе, Килалъ гьоркьохъеб школалъе кьуна сайгъатал.

Баркиялъулаб кӀалъай гьабуна районалъул администрациялъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухӀамадовас**. Гьес тӀадчӀей гьабуна Дагъистаналъул ва Россиялъул Федерациялъул мустахӀикъав учитель ХанмухӀамад Ахкубеговасул хӀурматалда тӀобитӀулеб олимпиадаялдаса хадуб школлъималазулъ хӀисаб гӀелмуялде рокьи дагъаби цӀикӀкӀине букӀиналда.

Олимпиадаялда бергьана:

**МухӀамад ХӀажиев** – МелъелтӀа гьоркьохъеб школалъул 5 классалъул цӀалдохъан.

**ХӀажи ХӀажиев** – Аргъвани гьоркьохъеб школалъул 6 классалъул цӀалдохъан.

**Шамил ХӀайбулаев** – Аргъвани гьоркьохъеб школалъул 7 классалъул цӀалдохъан.

**ПатӀимат Шарипова** – Килалъ гьоркьохъеб школалъул 8 классалъул цӀалдохъан.

Рохалилаб ахӀвал-хӀалалда бергьаразе лъайкьеялъул отделалъ ва Килалъ гьоркьохъеб школалъ грамотаби кьуна. Гьединго гӀарцулал сайгъатал ва ракӀалде щвеялъул призал щвана спонсорлъи гьабураз (Ахкубеговазул хъизаналъ) кьунги. ТӀоцебесеб бакӀалъе 3000гъ., кӀиабилеб бакӀалъе – 2000 гъ., лъабабилеб бакӀалъе – 1000 гъ. кьуна. Олимпиадаялъул цогидал гӀахьалчагӀазеги кьуна лъайкьеялъул отделалъ грамотаби.

**Гумбет районалъул лъайкьеялъул отдел**

# Игьали ясли-ахалда семинар

**14 апрелалда Игьали «Ромашка» ясли-ахалда тӀобитӀана районалъул росабазул ясли-ахазул нухмалъулел ва цо-цо тарбиячагӀи гӀахьаллъараб плановияб семинар. Семинар рагьана «Ромашка» ясли ахалъул тарбиячӀужу ПатӀимат ИсмагӀиловалъ.**

Ясли-ах гӀатӀид гьабизе, къачӀазе кумек ва квербакъи гьабурал «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀер **МухӀамадгӀали МухӀамадгӀалиевасе**, райадминистрациялъул бетӀер **ГӀабдулахӀажи ГӀабдулкъадировасе**, гьесул заместитель **АхӀмад Каримовасе**, лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухӀамадовасе** баркала загьир гьабурал кочӀол мухъал рикӀкӀана. Гьединго гьитӀичаз рикӀкӀана щибаб росдал лъималазул ахазул нухмалъулезде гьарурал кочӀол мухъал ва «Нижее садик бокьула» абураб кечӀ.

Хадуб байбихьана занятиязде. ХӀисаб гӀелмуялъул занятие тӀобитӀана гьоркьохъеб группаялъ (тарбиячӀужу **Рашидат Уцумбиева**), гӀурус мацӀалъул занятие хӀадурлъиялъул группаялъ (тарбиячӀужу ПатӀимат ИсмагӀилова), КӀудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тӀубаялдеги гьитӀичаз лъикӀаб хӀадурлъи гьабун бугоан. Гьез рикӀкӀана ва ахӀана ветераназде ва гьезие баркала загьир гьарурал кучӀдул, цадахъ ахӀана «Къункъраби» абураб кечӀги. ГьитӀичаз бихьизабуна кьурдизе жидерго бугеб гьунарги (музыкалъул тарбиячӀужу **Раисат ГӀабдулмуслимова**).

Гьаруна занятиязул хӀасилал. Занятиял лъугьана гьенир гӀахьаллъаразе методикияб рахъалъ пайдаяллъун, цоцахъе хӀалбихьи кьолеблъун. Занятиязда тӀасан, гьел хадубккунги жидецаго гьабулеб хӀалтӀуе пайдаяб ахӀвал-хӀалалда иналъул, гьезие лъикӀаб къимат кьурал кӀалъаял гьаруна МелъелтӀа «Бакъ» ясли-ахалъе нухмалъулелъул ишал тӀуралей **Салимат ХӀамидовалъ**, ЛъаратӀа «Милъирщо» ясли-ахалъе нухмалъулей **Асма МухӀамадгъазиевалъ**, Килалъ «Чебурашка» ясли-ахалъул нухмалъулей **Курсанат ХӀабибовалъ**, ЧӀиркъатӀа «Нур» ясли-ахалъул нухмалъулей **Хадижа ХӀажиевалъ** ва цогидазги.

Семинаралда «Гумбет районалъул школалъул гӀумруялде рахинчӀезе лъайкьеялъул учреждениязда ФГОС хӀалтӀизаби» абураб темаялда кӀалъана «Ромашка» ясли-ахалъул нухмалъулей **ХӀусмулхатимат ГӀисаева**. Гьелъ жиндирго кӀалъаялда тӀадчӀей гьабуна ясли-ахазда хӀалтӀулезда тӀадаб букӀин, Дагъистан, район, росу-ракь, нилъерго сверухълъи лъималазда лъазабизе ва нилъер умумузул букӀараб хьвадачӀвади лъималазда малъизе.

ХӀасилазулаб кӀалъай гьабуна районалъул лъайкьеялъул отделалъул школалъул гӀумруялде рахинчӀезе лъайкьеялъул учреждениязул методист **ПатӀимат ГъалбацӀовалъ**. Гьелъ лъикӀаб къимат кьуна «Ромашка» ахалда тӀоритӀарал занятиязе, гьениб чӀезабун бугеб лъикӀаб рацӀаракъалъиялъе ва хӀалтӀухъабаз гьабулеб хӀалтӀуе.

Семинаралда гӀахьаллъана «“Сельсовет Игалинский”» муниципалияб гӀуцӀиялъул бетӀер **ХӀажимурад МухӀамадовги**.

Ахиралда районалъул лъайкьеялъул отделалъул специалист **МуртазагӀали Валиевас** семиналда гӀахьаллъаразда бихьизабуна ясли-ахалде бачине бугеб лъимер интернеталда электроннияб иргаялда кин лъезе кколебали.Семинар ана гьелда гӀахьаллъаразе пайдаяб ахӀвал-хӀалалда.

**ГӀайшат Исламбиева**

ВАТӀАНИЯБ ТӀАЛАБ ТӀОБИТӀУЛАГО.
КӀУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ 70 СОН ТӀУБАЯЛДЕ

# Гъоркь инхдерил гӀахьаллъи

**ГӀагараб ВатӀан гӀассияв тушманасдаса цӀунизе Гъоркь Инхоса 52 чи ана рагъде. Гьезул 25 чи тӀад вуссинчӀо. Гьезул хӀурматалда росулъ эхетун буго памятник.**

**Гъоркьехун рахъулел руго Гъоркь Инхоса рагъухъабазул хӀакъалъулъ къокъал баянал.**

## АхӀмад Асадулаев

**1940 соналъ ахӀун вукӀана АхӀмад БагӀараб Армиялда хъулухъ гьабизе. Дубно шагьаралда унеб букӀана хъулухъ. Байбихьана рагъ, гьезул часть битӀана Харьковалде, хадуб Сталинградалде. Гьенив мустахӀикълъана «БахӀарчилъиялъе гӀоло» медалалъе.**

Асадулаев гӀахьаллъана Миллерово, Орловка, Шахты, Севастополь, Симферополь шагьарал эркен гьариялъе гӀоло рагъазда.

Хадуб гьезул часть битӀана Прибалтикаялде, эркен гьаруна тушбабаздаса Псков, Нарва, Калининград шагьарал, Латвия ва Литва республикабазул шагьаралгун росаби. Фашистаздаса гӀагараб ракь цӀунулаго бихьизабураб бахӀарчилъиялъе гӀоло АхӀмадие щвана лъабабилеб даражаялъул Реццалъул орден, чанго медаль. КӀиабилеб даражаялъул Реццалъул орден кьезе вихьизавун вукӀаниги, АхӀмадие гьеб щвечӀо, рагъ буго рагъ.

Асадулаев часталъул цогидал рагъухъабигун гӀахьаллъана 1945 соналъул 9 маялда букӀараб Бергьенлъиялъул парадалда. Рокъове вачӀана 1945 соналъул 25 июналда. ХӀалтӀана росу экономикияб рахъалъ цебетӀезабиялъе гӀоло.

## ГӀабдулкарим ХӀамзатов ва МухӀамад ХӀамзатов

**ГьитӀинав гӀолохъанчи жиндиего бокьун рагъде ана ГӀабдулкарим 1942 соналъ. Гьесда цадахъ вукӀана вацӀгӀал МухӀамад ХӀамзатовги. Гьел батӀибатӀиял частазде ккана.**

ГӀабдулкарим витӀана Ростовалъул мухъалде, вагъана Украиналъул ва Белоруссиялъул фронтазда. Берлин эркен гьабиялъе гӀоло рагъул гӀахьалчиги ккола гьев. Хадувги кӀиго соналъ хутӀана рагъулаб хъулухъалда, 1947 соналъ гӀагараб росулъе тӀад вуссана. ХӀалтӀана колхозалда бригадирлъун, фермаялъул заведующийлъун, шоферлъун.

ГӀабдулкарим цӀулал устарлъун хӀалтӀулев вукӀана Гумбет районалъул рукӀа-рахъиналъе хъулухъ гьабулеб комбинаталда.

Гьесул вацӀгӀал МухӀамад вагъана Воронеж областалда. ЗахӀматго лъукъун госпиталалде ккана, гьениб гӀемераб заманги бан, хӀатӀил килщаздасаги ватӀалъун, инвалидлъун вахъун рокъове щвана. СакъатӀлъаниги МухӀамад колхозалда хӀалтӀана.

Гьесдасан мисал босун, кӀиявго вац Будунги ГӀабдулгъаниги кьун гӀарзагун ана рагъде. ГӀабдулгъани сакъатӀлъун тӀад вуссана, Будун рагъул байданалда хвана.

(Ахир-ункъабилеб гьум.)

БУХУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

## Букваралъулгун къо-лъикI гьабуна

**7 апрелалда, МелъелтIа Сахрат МухIамадовасул цIаралда бугеб аслияб школалда тIоцебесеб классалъул цIалдохъабаз букварь лъугIи кIодо гьабуна.**

**Шагьрузат Къурбановалъ** нухмалъи гьабулеб классалъул гьитIичаз букварь лъугIиналъул байрам хIадурун бугоан интересаб къагIидаялъ, батIи-батIияб конкурсаздасан, хIаяздасан. ЦIалдохъабаз рикIкIана ва ахIана кучIдул, гьаруна къурдаби, рицана кицаби ва цогидалги. ГьитIичаз рикIкIана эбелалде жидецаго гьарурал кочIол мухъал ва улбуз гьезие къуна тIахьал.Букварь лъугIиналъул байрам тIоцебесеб классалъулазда баркизе рачIана 4 ва 5 классазул цIалдохъаби. Жинцаго лъималазе хъварал кочIол мухъалги рикIкIунаго, учительница Шагьрузат Къурбановалъ къуна гьитIиналго сайгъаталги ва гьелъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна байрам кIодо гьабун, гьенире рачIарал умумузе.

Букварь лъугIиналъул байрам гьитIичазда баркун кIалъана школалъул директор **Зульфия ХIажимурадова,** умумузул рахъалдасан **ГIаща Жамалудинова, Жавгьар ХIажимурадова.** Байрамалда гIахьаллъана культураялъул централъул директор **Набигула АхIмадибиров.**

Букварь лъугIиналъул байрам гьитIичазеги, гьезул умумузеги лъугьана ракIалдаса унареб рохалилаб байрамлъун.

**ГIайшат Исламбиева**

## Адабияталъул анкь

**Роххалилаб ахIвал-хIал букIана Гъоркь Инхо гьоркьохъеб школалда. ГIурус мацIалъул ва литератураялъул мугIалимал МахIмуд ИбнумахIсудовасул ва Хадижат МухIамадкамиловалъул нухмалъиялда Гъоркь Инхо школалда тIобитIана «Адабияталъул анкь». Гьеб анкь сайгъат гьабуна Россиялда лъазабураб «Адабияталъул лъагIалие». Анкь ана гIуцIа-къан.**

Гьенир рихьизаруна гIурусазул классиказул батIи-батIиял асараздасан инсценировкаби: В. Катаевасул, «Полкалъул вас», Чеховасул «Чол инсул цIар» ва «Кьарияв ва хIалакъав». Гьел рихьизаруна 6 ва 7 классалъул цIалдохъабаз. Гьединго гьенир гьаруна викторинаби, конкурсал, расандаби: «ХIикматазул хур», «ЦIорол васалги ясалги», «ТалихIаб лахIзат». ГIуцIун рукIана пасихIго кучIдул цIализаялъул кьецал. Бергьаразе къуна грамотаби ва сайгъаталъе тIахьал, дискал. ЦIалдохъаби ва умумул разиго хутIана гьеб тадбиралдаса.

**МухIамад СагIидов, 8 классалъул цIалдохъан**

АХИХЪАНЛЪИЯЛЪУЛ ЛЪАГIЕЛ

## ГъутIби чIезе руго ункъго гектаралда

**Гъумбет районалъул ад-администрациялъул нухмалъулесул заместитель ХIайбула ГIабдурахIмановас халгьабуна ЛъаратIа росдал гъутIби чIарал ахазул, участкабазул.**

Гьенирго гIахьаллъана экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул агроном **ХIайбула Нажмудинов** гьединго ЛъаратIа росдал администрациялъул нухмалъулев **Анвар Залумханов.** Халгьабуна **ХIасан ХIасановасул, ХIадис ГIалиевасул ва Сайпула Мирзоевасул** ахикь гьабураб хIалтIул.Ахихъабаз чIун руго гъутIби, кIурун ва лъалъан ругоан, гьединго аскIоса гIебеде гьабун бугоан рацIцIалъи. ТIоцебесеб апрелалде щвезегIан чIван буго ичIнусгоялдасаги цIикIкIун гъветI. ЛъаратIа росдал бегавул Анвар Залумхановас абуна гIадамазул пастIабахъ чIарал рикIкIинчIого кинабниги 4 гектаралда чIезе ругин цIияй гъутIби. Ах чIезе къун ругин гъутIби, цебеккун гIарацги кьечIого, ахихъабазе кумек хIисабалда, хIукуматалдасан щвезе бугеб субсидиялъул гIарацалъ бецIизелъун.

Ахихъабазе гьединго гьабуна кумек, къуна гьезул суалазе жавабал. Ах чIезе гьабураб кумекалъухъ районалъулги, росдалги нухмалъулезе ахихъабаз баркала загьир гьабуна.

**Раисат МухIамадова**

## Лъазаби

**ХIурматиял районалъул анлъабилел классазул цIалдохъабазул умумул! БачIунеб цIалул сональ, 1 сентябралдаса гьабун, МелъелтIа интернаталда цебе рагьулеб буго физика-ялъулгун математикаялъул 7 – абилеб класс, гьел гIелмаби гъваридго лъазаризелъун.**

Лъимал цIализе руго батIа босун гIуцIараб классалда, МелъелтIа школалда. Регизе, кваназе ва дарсал хIадуризе руго пагьму-гьунар бугел лъималазул интернаталда. Гьезие классруклъи гьабизе ва математикаялъул дарсал кьезе руго интернаталъул директор ХIажиев Лабазан ХIажиевичас. Лъимал хIадуризе руго МГУ-ялъул заочнияб школалъул цIалдохъаби хIисабалда ва ругьун гьаризе руго олимпиадаязда гIахьаллъизе.

ЦIализе восула бокьарав 7 – абилеб классалъул цIалдохъан, гьесул школалда ругел къиматазухъ ва лъаялъухъ балагьичIого. Гьединго росула район тун кьватIир ругел бакълъулазул хъизабаздаса лъимал.

АхIе нижехъе гьаб номералда: 8 – 928 – 530 – 78 – 90

Хьвай гьаб адресалда: 368930. Гъумбет район, МелъелтIа росу, интернат.

Электронияб адрес: miod.gumbet@yandex.ru.

**Справка. ХIаджиев Лабазан ХIаджиевич – хIисаб гIелмуялъул учитель, хIалтIана МелъелтIа школалда, ДГТУ-ялда ва ДГПУ-ялда, Москва шагьаралъул № 1060 педцентралда.**

## Гъоркь инхдерил гIахьаллъи

### ХIамид Идрисов

**(Байбихьи-лъабабилеб гьум.)**

**БагIараб Армиялъул кьеразулъе ХIамид ахIана 1942 соналъул 9 январалда.**

ГIахьаллъана гIурусазулгун Япониялъул рагъда Сахалин чIинкIиллъиялда. Рагъулаб тIадкъай тIубазабулаго тушманас сверун ккураб бакIалдаса хIалихъе рорчIизе кIвана рагъухъабазул къапилаялда. Гьеб рагъулъ Идрисов захIматго лъукъана. Гьесие щвана «БахIарчилъиялъе гIоло» медаль.

Рокъове вачIана 1945 соналъул сентябралда. Гьабуна гIемераб хIалтIи росдал экономика ва культура борхиялъе гIоло. ГIемер цеве вахъунаан къиматал предложениялгун колхозчагIазда, цере лъолаан пайдаял масъалаби.

**Муса Расуловасул «Гъумбеталъул къункъразазул тIелалъулъ» абураб тIехьалдаса**

## Представление заведомо подложного диплома об образовании при поступлении на службу в органы внутренних дел России является основанием для увольнения со службы

Приказом Министра внутренних дел по Республике Дагестан от 06.04.2015 № 445 начальник отдела МВД России по Гумбетовскому району уволен из органов внутренних дел России по пункту 5 части 3 ст. 82 «Федерального закона от 30.11.2011 № 342 «О службе в органах внутренних дел Российской Федерации и внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации (в связи с представлением сотрудником подложных документов или заведомо ложных сведений при поступлении на службу в органы внутренних дел – за представление заведомо подложного документа об образовании (диплома).

В настоящее время прокуратурой района проводится проверка законности присвоения офицерских званий (от младшего лейтенанта милиции до подполковника полиции) бывшему начальнику ОМВД России по Гумбетовскому району.

**М.А. Магомедов, Прокурор района, старший советник юстиции**

## Рагъул гIахьалчагIи ракIалде щвезариялъул моцI

**МелъелтIа гьоркьохъеб школалда тIобитIана, районалъул лъайкьеялъул кинал-го идарабазда лъазабун бугеб КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи ракIалде щвезариялъул моцIалда хурхун линейка.**

Гьеб рагьана школалъул директорасул тарбия кьеялъул рахъалъ заместитель Рамазан МухIамадовас. Хадуб ВатIанияб рагъул хIакъалъулъ бицана тарихалъул мугIалим ПатIимат Амагаевалъ. ТIолабго школалда лъабабилеб дарс лъазабуна КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи ракIалде щвезариялъул дарслъун.

Щибаб классалда гIуцIун ругоан КIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тIубаялъул хIурматалда стендал, хIалтIулеб бугоан оргтехника, цIалдохъабаз рицунел рукIана рагъухъабазде гьарурал кучIдул.

**Набигула АхIмабидиров**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

## Унеб буго «Челнок» тадбир

ГIадамал раччулеб транспорталъул авариял ккей дагьлъиялъул, нухазда хьвадиялъул къагIидаби цIуниялъул, нухазда хьвадиялъул хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул, предпринимательлъиялъул хIаракатчилъи законалде дандекколеб хIалалда гIуцIиялъул мурадалда, Россиялъул МВДялъул Дагъистан Республикаялда бугеб жанисел ишазул Министерствоялъе нухмалъулесул буюрухъалда рекъон, республикаялда тIобитIулеб буго комплексниябгун профилактическияб «Челнок» тадбир. Гьеб унеб буго Гъумбет районалдаги 13-22 апрелалда. Киназулго мурад буго гьеб кIвар бугеб тадбир гIуцIа-къан нухда регIи.

**ОГИБДД**

БетIерав редактор ХIамзат Гизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гъумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографияялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил кьватI, 6

Газета кьватIибе бачIунаан «Гъумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1481
Газета кьватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкьалъ къимат кьезелъун.